

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun objék anu dikaji ku panalungtik anu satuluyna dipatalikeun jeung bahan pangajaran di sakola. Objék anu digunakeun nyaéta novél *Déng* karangan Godi Suwarna nu ditilik tina jihat tanda (sémiotik) kalayan dipatalikeun kana bahan pangajaran maca novél di kelas XI SMA. Ari déskripsina ngawengku (1) unsur-unsur sémiotik dina novél *Déng*, jeung (2) larapna hasil panalungtikan kana bahan pangajaran. Anapon tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori sémiotik Charles Sanders Peirce anu ngawengku ikon, indéks, jeung simbol. Ari tiori anu digunakeun dina milih kritéria bahan ajar nyaéta tiori Nasution. Satuluyna, ieu panalungtikan dilarapkeun jeung dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca novél di kelas XI SMA. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif analisis kalawan téhnik talaah pustaka, analisis data, jeung interprétasi. Anapon instrumén anu digunakeun nyaéta daftar céntang atawa céklis jeung kartu data.

Dumasar kana hasil analisis sémiotik, carita novél *Déng* mibanda tanda-tanda nu nuduhkeun kana harti nu tangtu. Tanda anu kapaluruh dina novél *Déng* jumlahna aya 254 tanda ngawengku ikon 24, indéks 116, jeung simbol 114. Tanda anu kapaluruh dina novél *Déng* téh nuduhkeun kahirupan masarakat Sunda jaman baheula. Kaayaan alam harita ditémbrakkeun ku pangarang ngaliwatan tanda-tanda dina kekecapanana. Lian ti némbongkeun kahirupan masarakat Sunda baheula, tanda anu kapaluruh dina novél *Déng* ogé nuduhkeun ayana tanda tina munculna kahirupan modérn. Sacara gembleng, Tanda anu kapaluruh patali jeung kaayaan katut kajadian anu karandapan ku para tokoh. Ikon anu kapaluruh réa nu patali jeung barang anu aya di sabudeureun hirup kumbuhna para tokoh. Ari indéks anu kapaluruhna mah réréana patali jeung kaayaan rasa tina kajadian anu karandapan ku para tokoh. Anapon

simbolna mah, réa nu patali jeung istilah atawa ciri tina kahirupan masarakat dina leunjeuran carita novél *Déng* nyaéta masarakat Sunda hususna Ciamis.

Patalina jeung bahan pangajaran, tétéla novél *Déng* téh nyumponan kana kritéria dina milih bahan pangajaran numutkeun tiori Nasution. Eusi tina carita novél *Déng* téh mibanda ajén-inajén anu hadé pikeun ngawangun karakter siswa, utamana ajén moral anu cocog pikeun ngawangun karakter siswa sarta kapribadian siswa di sakola. Ku kituna, tanda-tanda anu aya dina eusi carita novél *Déng* bisa dijadikeun alternatif bahan pangajaran di sakola hususna di kelas XI SMA.

5.2 Saran

Tina hasil ieu panalungtikan, aya sababaraha saran pikeun ngaronjatkeun aprésiasi kana karya sastra hususna novél. Éta saran téh ditujukeun pikeun mahasiswa, panalungtik satuluyna, guru, jeung masarakat. **Saran pikeun mahasiswa**, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi bahan référénsi bacaeun hususna ngeunaan ulikan sémiotik.

Saran pikeun panalungtik satuluyna, dipiharep aya panalungtikan satuluyna anu bisa ngeuyeuban kalawan leuwih nyosok jero lantaran eusi carita novél *Déng* miboga ajén-inajén anu jembar. Salian ti éta, ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh pikeun panalungtik satuluyna sangkan bisa nalungtik ulikan sémiotik kalawan leuwih nyosok jero anu dipatalikeun jeung ulikan séjén. Ieu panalungtikan ogé bisa dijadikeun référénsi pikeun panalungtik satuluyna anu patali jeung novél *Déng* karangan Godi Suwarna.

Saran pikeun guru nyaéta dipiharep ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun rujukan jeung pilihan dina nangtukeun bahan pangajaran di sakola, hususna kelas XI SMA. **Saran pikeun masarakat** nyaéta ieu panalungtikan dipiharep bisa numuwuhkeun karep masarakat kana ngaprésiasi karya sastra Sunda, hususna novél.